



NaMutungamiri Thomas S. Monson

Iva Muenzaniso neChiedza

*Apo patinotevera muenzaniso weMuponesi,
wedu unozova mukana wekuva chiedza muhupenyu hwevamwe.*

Mabhuratha nemasisita, zva-kanaka chaizvo kuva nemi zvakare. Sezvamunoziva, kubvira pataiva pamwechete muna Kubvumbi, takasuwiswa nekusha-ika kwevatatu veVaapositora vedu vanodiwa: Mutungamiri Boyd K. Packer, Gosa L. Tom Perry, naGosa Richard G. Scott. Vakadzokera kumusha wavo wekudenga. Tinovasuwa. Tinotenda chaizvo nemienzaniso yavo yerudo rwakafanana nerwaKristu uye nedzidziso dzakafemerwa dzavakatisiyira tose.

Tinotambira nemwoyo wose Vaapositora vedu vatsva, Gosa Ronald A. Rasband, Gosa Gary E. Stevenson, naGosa Dale G. Renlund. Ava varume vakazvipira kubasa raIshe. Vakakodzera zvikuru kuzadza zvinzvimbo zvakakosha izvo zvavadaidzwa.

Chinguva chipfupi chakapfuura icho, apo pandakanga ndichiverenga nokufungisisa magwaro matsvene, ndima mbiri kunyanya dzakaramba dziri mupfungwa dzangu. Tinodziva dzose ndima idzi mbiri dzemagwaro matsvene. Yokutanga inobva

muMharidzo paGomo “Chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu, kuti vaone mabasa enyu akanaka, vakudze Baba venyu vari kudenga”¹ Chinyorwa chitsvene chechipiri ndeicho chandakafunga nezvacho apo pandaifungisisa pamusoro pezvinoreva ndima yokutanga. Chinobva muNwadi yaMuapositora Pauro kuna Timotio “Uve muenzaniso wevanotenda, mushoko, mukutaurirana, murudo, mumweya, murutendo, mukuchena kwemwoyo.”²

Ndinobvuma kuti chinyorwa chitsvene chechipiri chinotsanangura, muchikamu chikuru, mabudiriro atinokwanisa kuita panechokutanga. Tinova mienzaniso yevanotenda nokurarama vhangeri raJesu Kristu mushoko, mukutaurirana, murudo, mumweya, murutendo, nemukuchena kwemwoyo. Apo patinoita kudaro, zviyedza zvedu zvinozovhenekera kuna vamwe kuti vaone.

Mumwe nemumwe wedu akuya pasi mushure mekunge apihwa Chiedza chaKristu. Apo patinotevera muenzaniso weMuponesi uye

nokurarama samararamiro aAkaita uye sokudzidzisa kwaAkaita, chiedza ichocho chinozopisa mukati medu uye tinozova muenzaniso wekuti vamwe vatevere.

Muapositora Pauro anodorongodza hunhu hutanhata hwemunhu anotenda, hunhu hunozobvumidza zviyedza zvedu kuvhenekera. Ngatikurukurei humwe nehumwe hwacho.

Ndinotaura hunhu hwekutanga huviri pamwechete - kuva muenzaniso mushoko nemukutaurirana. Mashoko atinoshandisa anokwanisa kusimudzira nokukurudzira, kana kuti anokwanisa kukuvadza nokukupikisa. Munyika nhasi mune huwandu hukuru hwemutauro unomhura uyo unotaridzika sewakatikomberedza kwese kwese kwatinoenda. Zvinonetsa kudzivirira kunzwa mazita eHumwari achishandiswa zvisina hanya uye zvisina kufunga. Mutauro usina hunhu unotaridzika soku-nge wava chikamu chemazuva ose cheterevhizheni, mafirimu, mabhuku, nemumhanzi. Mutauro wekutuka uye wekushatirwa unochinjanwa pamadiro (nguva zhinji nenzira isina maturo kana isina kukodzera). Tinofanira kutaura kuna vamwe nerudo nerukudzo, nguva dzose tichishandisa mutauro wakafanira uye tichidzivirira manzwi kana kutaura zvinhu zvinozorwadza kana kushatirisa. Tinofanira kutevera muenzaniso weMuponesi, uyo aitura nekunzwisisa netsitsi muhushumiri Hwake hwese.

Hunhu hunotevera hwakataurwa naPauro ndehwe rudo, uhwo hwakatsanangurwa se “rudo rutsvene rwaKristu”³ Ndine chivimbo chokuti kune vanhu vatinokwanisa kushandura,

avo vakasurikirwa, avo vanorwara, uye avo vanonzwa kuwodzwa moyo. Tine mukana wekuvabatsira nokuva-kurudzira. Muponesi akaunza tariro kuna vakaora moyo uye simba kune vakarukutika. Akaporesa vanorwara; Akaita kuti vakaremara vafambe, mapofu aone, matsi dzinzwe. Kunyangwe vakafa Akavamutsa. Muhushumiri Hwake hwose Akanavira murudo kuna ani nani aida rubatsiro. Apo patinotevedzera muenzaniso Wake, tinozoropafadza upenyu, kusanganisira hwedu pachedu.

Tinofanirawo kuva muenzaniso kuburikidza nehunhu hwedu. Kwandiri izvi zvinoreva kuti tinoedza zvikurusa kuva muupenyu hwedu netsitsi, kutenda, ruregerero, uye nemutsa. Hunhu uhwu hunozopa kwatiri mweya unozoshandura upenyu hweavo vakatikomberedza. Ndakava nemukana muupenyu hwanu wekuwadzana nevanhu vakawanda vane mweya wakadaro. Tinova nemanzwiwo akakosha apo patinenge tiinavo, manzwiwo anotiita kuti tide kuwadzana navo uye nokutevera muenzaniso wavo. Vanobwinya neChiedza chaKristu uye vanotibatsira kunzwa rudo Rwake kwatiri.

Kutaridza kuti chiedza icho chinobva kumweya wakarurama uye unerudo chinoonekwa nevamwe, ndinogoverana nemi chimwe chinhu chakaitika makore mazhinji akapfura ayo.

Panguva iyoyo, vatungamiri veChechi vakasangana nemakurukota muJerusalem kuti vashande pakunyorera pasi chibvumirano chokurenda nzvimbo yenyika iyo yaizovakirwa Jerusalem Centre yeChechi. Kuitira kuti vawane mvumo dzaidikanwa, Chechi yaifanira kubvuma kuti nhenzo dzedu dzaizogara panzvimbo iyi hadzaizofamba dzichidzidzisa vanhu vemo kuti vatendeukire kuchitendero chedu. Mushure mokunge bvumirano iyoyo yaitwa, mumwe wemakurukota echiIsraeri, uyo ainyatsonzwisisa Chechi nenhengo dzayo, akataura kuti aiziva kuti Chechi yaizoremeke-dza bvumirano yokuti isatendeutsa

vanhu vemo. “Asi” akadaro, achitaura pamusoro pevadzidzi vaizopinda panzvimbo ipapo, “chii chatichazoita pamusoro pechiedza chiri mumaziso avo?”⁴ Chiedza chakakosha ichocho ngachigare nguva dzose chichibwinya matiri, kuti chingoonekwa neku-kudzwa nevamwe.

Kuva muenzaniso werutendo zvinoreva kuti tinovimba muna Ishe uye nemushoko Rake. Zvinoreva kuti tine zvitendero zvatinokudziridza izvo zvinozotungamira pfungwa dzedu nezviito zvedu. Rutendo rwedu muna Ishe Jesu Kristu uye muna Baba vedu Vokudenga rwunozoshandura zvose zvatinoita. Pakati pekuvhiringidzika kwemuzera redu, kupikisana kwepfungwa, uye matambudziko ekurarama kwezvava nezvava, rutendo runoramba ruripo runova tsigiro inosimbisa upenyu hwedu. Rangarirai kuti rutendo nekusatenda hazvikwanisi kugara mupfungwa imwechete panguva imwechete, nokuti chimwe chinodzinga, chimwe chacho. Ndinodzokorara zvatakamboudzwa kakawanda— kuti kuitira kuti tiwane nokuchengeta rutendo rwatinoda, zvakananira chaizvo kuti tiverenge nokunzvera nokufungisisa magwaro matsvene. Kutaurirana naBaba vedu Vokudenga kuburikidza nemunamato kwakakosha zvikurusa. Hatikwanisi kuregerera zvinhu izvi, nokuti muvengi neavo vanomutevera vanotsvaka neushingi hukuru utera hwedu, kuderera murutendo rwedu. Ishe vakati “Shingirirai kutsvaga, namatai nguva dzose, uye muve munotenda, uye zvinhu zvose zvichashanda pamwechete kukupundutsai,”⁵

Chokupedzisira, tinofanira kuva vakarurama, zvinoreva kuti tinofanira kuva vakachena mumuviri, mupfungwa, nemumweya. tinoziva kuti muviri wedu itemberi, uye inofanira kubatwa neruremekedzo nerukudzo. Pfungwa dzedu dzinofanira kuzadzwa nemandungiro anokurudzira uye anopa chiremera uye dzinofanira kudzivirirwa kubva kuzvinhu izvo zvinozodzisvibisa. Kuitira kuti tive neMweya Mutsvene semufambidzani wedu nguva dzose, tinofanira kukodzera.

Mabhuratha nemasisita, ururami hunozotiunzira runyararo rwepfungwa uye hunozoita kuti tikodzere kutambira vimbiso dzeMuponesi. Akati, “Vakakomborerwa vakachena pamwoyo: nokuti vachaona Mwari.”⁶

Apo tinoratidza kuva mienzaniso mushoko, mukutaurirana, murudo, mumweya, murutendo, nemumwoyo wakachena, tinozokodzera kuva zviedza kunyika.

Ndinoda kutaura kwamuri mose, uye kunyanya kwamuri vanhu vechidiki, kuti apo nyika painoramba ichisudurukira kure nekure kubva pamisimboti nenhungamiro zvinopiwa kwatiri naBaba Vokudenga vane rudo, tinozonyanya kuonekwa kubva muruzhinji nokuda kokuti takasiyana nevamwe. Tinozonyanya kunonekwa nokuti tinopfeka zvinechiremera. Tinozosiyana nevamwe nokuti hatishandisi mutauro unomhura uye nokuda kwokuti hatitori zvinhu zvinokuvadza miviri yedu. Tinozosiyana nevamwe nokuti tinodzivirira mutauro wekuseka usinakufanira uye kutaura zvinodupikisa vamwe. Tinozosiyana nevamwe apo patinosarudza kusarega pfungwa dzedu dzichizadzwa nezvinhu zvenhepfenuro dzeparedhiyo nepaterevhizheni nezvezvinyorwa zvemumamagazini zvisina hunhu, zvisina chiremera uye zvinokonzera mweya kubva mudzimba nemuhupenyu hwedu. Chaizvo tinozoonekwa zvakananyanya apo patinoita sarudzo maererano nekuzvibata - sarudzo dzinoererana nemisimboti nemwero yevhangeri. Izvo zvinhu zvinoina kuti tive takasiyana kubva kune vamwe vazhinji vemunyika zvinotipawo icho chiedza neuyo mweya zvinokwanisa kushandura mune zvakanaka munyika irikuramba ichingoipa zvakananyanya.

Kazhinji zvakaoma kuva munhu akasiyana uye kurwira zvatintenda mazviri uye uri wega mukadaro. Chinhu chinowanikwa muvanhu vose chokutya zvingangofungwa kana zvingangotaurwa navamwe. Mashoko aya emumapisarema anonyaradza: “Jehova ndiye chiedza changu

neruponeso rwangu; ndingagotya aniko? Jehova ndiye simba rovupe-nyu bwangu; ndingagovhunduswa naniko?"⁷ Apo patinoita Kristu chinhu chakakoshesesa muupenyu hwedu, kutya kwedu kunozobviswa kodzore-ruwa neushingi hwetsidziro dzedu.

Upenyu hahwuna kururama kuti twasa kuna ani nani wedu zvedu, uye pane dzimwe nguva zvidzo nematambudziko zvatintarisana nazvo zvingangova zvinorema zvikuru, zvokonzera kuti chiedza chedu chidere- rere. Zvisinei, nerubatsiro kubva kuna Baba vedu Vokudenga, pamwepo ne- tsigiro inobva kuna vamwe, tinokwa- nisa kuwana zvakare chiedza ichocho chinozohenekera nzira yedu pachedu zvakare uye nokupa chiedza chingangodikanwa nevamwe.

Kupa muenzaniso, ndinogoverana nemi mashoko anobata pamwoyo eri- mwe ramadetempo andinoda zvikuru randakaverenga kekutanga makore mazhinji akapfuura ayo:

Ndakasangana nemubvakure usiku

Uyo aiva nemwenje wakanga usisavhenekeri.

Ndakamira ndikamubvumira kutungidza

Mwenje wake kubva pane wangu.

Dutu guru remhepo rakamuka pashure

Uye rikakonzera nyika kudengenyeka.

Uye apo mhepo payakamira kuvhuvhuta

Mwenje wangu wakanga wadzima

Asi kwandiri mubvakure akadzoka—

Mwenje wake waipfuta zvakana!

Akabata murazvo waikosha

*Akatungidza mwenje wangu!*⁸

Mabhuratha nemasisita, mikana yedu yokuva muenzaniso yakatiko- mberedza zuva roga roga, zvisinei nemamiriro ezvinhu edu. Apo pati- notevera muenzaniso weMuponesi, tinozova nemukana wekuva chiedza muupenyu hwevamwe, kunyangwe vakange vari nhengo dzemhuri yedu, shamwari dzedu, vatinoshanda navo kubasa, vatinongozivawo, kana vatisingambozivi.

Kune mumwe nemumwe wenyu, ndinoti uri mwanakomana kana mwanasikana waBaba vedu Voku- denga. Wakauya uchibva pamberi Pavo kuzorarama pasi pano kwe- mwaka kuti uve muenzaniso we- rudo nedzidziso zveMuponesi, uye

kuti neushingi urege chiedza chako chivhenekere kuti vose vaone. Apo mwaka iwoyo pasi pano paunoguma, kana wakaita chikamu chako, rako richava ropafadzo rakanakisisa roku- dzokera kunogara naVo nariini wose.

Anosimbisa zvakadzi mashoko eMuponesi anoti: “Ndini chiedza chenyika: unonditevera haangatongo- fambi murima, asi uchava nechiedza chohupenyu.”⁹ Ndinopupura ne- Zvake. Ndiye Muponesi neMununuri wedu; Ndiye Murevereri wedu kuna Baba. Ndiye Muenzaniso wedu nesi- mba redu Ndiye “chiedza chinovhe- nekera murima”¹⁰ Ndinovimba kuti munhu wese ari kuteerera kwandiri ndichitaura achatsidzira kuMutevera, nokudaro ova chiedza chinovhe- nekera kunyika, ndiwo munamato wangu nemuzita Rake dzvene, ku- nyangwe Jesu Kristu Ishe, ameni.


KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Mateo 5:16.
2. 1 Timotio 4:12
3. Moronai 7:47.
4. Ona James E. Faust, “The Light in Their Eyes,” *Liahona*, Mbudzi 2005, 20.
5. Dzidziso neZvibvumirano 90:24
6. Mateo 5:8.
7. Mapisarema 27:1
8. Lon Woodrum, “Lamps,” *the Lighted Pathway*, Gumiguru 1940, 17.
9. Johane 8:12.
10. Dzidziso neZvibvumirano 6:21.

Dzidziso dzeNguva Yedu

Kubva muna Mbudzi 2015 kusvika muna Kubvumbi 2016, Zvidzidzo zveHupiri- sita hwaMerkizedeki nezveChita cheRubatsiro zveSvondo yechina zvinofanira kugadzirirwa kubva munhaurwa imwechete kana kupfuura dzakapihwa mumusangano mukuru waGumiguru 2015. Muna Kubvumbi 2016, nhaurwa dzingangosarudzwa ku- bva mumusangano mukuru waKubvumbi 2016 kana waGumiguru 2015. Vatungamiri vesiteki nevematunhu vanofanira kusarudza nhaurwa dzinozoshandiswa mumaruwa avo, kana kuti vanogovera basa iri kumabishopi nevatungamiri vemapazi.

Nhaurwa idzi dzinowanikwa mundimi dzakawanda kubva ku conference.lds.org.



NaMutungamiri Henry B. Eyring

Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga

Mweya Mutsvene seMufambidzani wako.

Tinokwanisa, kana tikararama zvinoukodzera, kuva neropafadzo yeMweya kuti uve nesu, kwete chete nedzimwe nguva asi kwenguva dzose.

Mabhuratha nemasisita angu anodikanwa, ndinotenda kuva nemi pazuva reSabata rino mumusangano mukuru weCheschi yaIshe. Ndanzwa, semanzwiro amaita, Mweya, Mweya Mutsvene, uchipupura kumashoko echokwadi atanzwa achitaurwa nekuimbwa.

Chinangwa changu nhasi ndechokuwedzera chido chenyu neku-shingirira kwenyu pakutora chipo chakavimbiswa kune mumwe nemumwe wedu mushure mekubhabhatidzwa kwedu. Panguva yekusimbiswa kwedu takanzwa mashoko aya: “Gamuchira Mweya Mutsvene.”¹ Kubva panguva iyoyo, hupenyu hwedu hwakashanduka nariini wose.

Tinokwanisa, kana tikararama zvinoukodzera, kuva neropafadzo reMweya kuti uve nesu, kwete chete nedzimwe nguva, semuzviitiko zvinoshamisa zvakaite sezvatawana nhasi, asi kwenguva dzose. Munoziva kubva mumanzwi emunamato wesakaramende kuti vimbiso iyoyo inozadzikiswa sei: Mwari Baba Vokusingaperi,

tinokukumbirai muzita reMwanakomana wenyu, Jesu Kristu, kuti muropafadze nekutsvenesa chingwa ichi kumweya yeavo vose vanochidya, kuti vagochidya mukurangarira muviri weMwanakomana wenyu, uye vapupure kwamuri, Mwari Baba Vokusingaperi, kuti vanoda kutora pavari zita reMwanakomana wenyu, nokumurangarira nguva dzose noku-chengeta mirairo yake iyo yaakavapa; kuti vave neMweya wake nguva dzose.

Zvino kouya vimbiso yakanakisisa: “kuti vave *neMweya wake* nguva dzose” (D&Z 20:77; kusimbisira kwakawedzerwa).

Kuva neMweya nguva dzose uinesu zvinoreva kuti tinokwanisa kuva nehutungamiri nerairo zveMweya Mutsvene muupenyu hwemazuva ose hwedu. Tinokwanisa, semuzvaniso, kuyambirwa neMweya kukunda chidzo chokuita zvakaipa.

Nokuda kwechikonzero ichocho chete, zviri nyore kuona kuti sei varanda vaIshe vakaedza kuwedzera

chido chedu kushumira Mwari mumisangano yedu yesakaramende. Kana tikatora sakaramende murutendo Mweya Mutsvene unozokwanisa zvino kutidzivirira isu neavo vatinoda kubva muzviedzo izvo zvinouya nesimba rakawedzerwa uye nguva dzakanyanya kuwanda.

Ufambidzani hweMweya Mutsvene hunoita kuti izvo zvakanaka zvive zvakananyanya kunaka uye kuti chiedzo chisava chinonyanya kukwezva. Ichi chinofanira kuva chikonzero chakakwana kutiita kuti tishingirire kukodzera Mweya kuti uve nesu nguva dzose.

Sekusimbiswa kwatinoitwa neMweya Mutsvene pakurwisa uyipi, Unotipawo simba rokuziva pakati pechokwadi nenhema. Chokwadi chinonyanya kukosha chinotaridzwa chete nezvakazarurwa zvinobva kuna Mwari. Kunzwisisa kwedu sevanhu uye kushandisa kwemanzwiro edu enyama hazvizovi zvakaakwana. Tinorarama munguva apo kunyangwe vakachenjera vachava nenguva yakaoma kuziva chokwadi kubva kunyengedzo dzine ungaru.

Ishe Akadzidzisa Muapostora Wake Tomasi, uyo aida umboo hwunoonekwa hweKumuka Kvakakafa kweMuponesi nokubata maronda Ake, kuti zvazazarurwa umboo husinganyengedzi: “Jesu akati kwaari: Tomasi watenda nokuti wandiona: Vakaropafadzwa avo vanotenda, kunyangwe vasina kuvona” (Johane 20:29).

Zvokwadi zvinotaridza nzira yokumusha kuna Mwari zvinotaridzwa neMweya Mutsvene. Hatikwanisi kuenda kusango remiti kunoona Baba neMwanakomana vachitaura kuna

Joseph Smith mudiki. Hapana umboo hunoonekwa kana kutsanangura kunonzwisika kunokwanisa kutaridza kuti Erija akauya sekuvimbiswa kwazvakaitwa kuzogadza makiyi ehupirisita ayo ikozvino akabatwa uye anoshandiswa nemuporofita anorarama, Thomas S. Monson.

Simbiso yechokwadi inouya kumwanakomana kana mwanasikana waMwari uyo akatora kodzero yokutambira Mweya Mutsvene. Sezvo manyepo nenhema zvingangopuwa kwatiri panguva ipi zvayo, tinofanira kuva nefemero nguva dzose yeMweya weZvokwadi kuitira kuti tisazova nenguva dzokusatenda.

Apowo nhengo yeChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri, George Q. Cannon akakurudzira kuti tishingirire nguva dzose kuti Mweya uve nesu. Akavimbisa, uye ndinovimbisawo kuti kana tikashingirira kuti tive neMweya uinesu, “hatizombovi tisina ruzivo” rwechokwadi, “hatizombovi tisingatendi kana kuva murima,” uye rwedu “rutendo runozova rwakasimba, rufaro [rwedu] . . . rwakazara.”²

Tinoda rubatsiro irworwo rwenyu yose kubva kuufambidzani hweMweya Mutsvene kwechimwezve chikonzero. Rufu rwemudikanwi rungangouya tisingazvitarisire. Uchapupu hunobva kuMweya Mutsvene hwehuchokwadi hwaBaba Vokudenga vanorudo uye hweMuponesi akamuka kuvakafa ndihwo hwanotipa tariro nenyaradzo pakufirwa nemudikanwi. Uchapupu ihwohunofanira kuva nesu panguva iyoyo apo rufu parunoitika.

Saka, nokuda kwezvikonzero zvakawanda, tinoda ufambidzani hwenguva dzose hweMweya Mutsvene. Tinohuda, asi tinoziva kubva muzviitiko kuti hazvisiri nyore kuhwuchengeta. Mumwe nemumwe wedu anofunga, anotaura, uye anoita zvinhu muupenyu hwemazuva ose hwedu zvinokwanisa kukonzera kuti Mweya utisiye. Ishe vakatidzidzisa kuti Mweya Mutsvene unozova mufambidzani wenguva dzose wedu

apo mwoyo yedu painenge yakazara nerudo uye apo ururami pahunosho- ngedza pfungwa dzedu zvisingagumi (ona D&Z 121:45).

Kuna avo varikunetseka nemwero wehunhu wakakwirira unodikanwa kukodzera kuva nechipo cheufambidzani hweMweya, ndinopa kurudziro iyi. Makava nenguva apo pamakanzwa femero yeMweya Mutsvene. Zvingange zvaitika kwamuri nhasi.

Munokwanisa kufunga nguva idzodzo dzefemero semodzi yerutendo iyo Aruma yaakatsanangura (ona Aruma 32:28) Dyarai imwe neimwe. Munokwanisa kuita izvozvo nokushanda pakurudziro yamanzwa. Femero inonyanya kukosha inozova yokuti muzive izvo Mwari zvanganga kuti muite. Kana kuri kubhadhara chegumi kana kushanyira shamwari iri kuchema, munofanira kuzviita. Chirichipi zvacho, chiitei Apo pamunotaridza chido chenye kuteerera, Mweya unozokutumirai dzimwe femero dzeizvo Mwari zvanoda kuti muVaitire.

Apo pamunoteerera, femero kubva kuMweya dzinouzouya kakawanda, dzova pedyo nepedyo kuva ufambidzani hwenguva dzose. Simba renyu rokusarudza zvakawanda rinozowedzera.

Munokwanisa kuziva apo femero idzi dzokuVaitiria chinhu dziri dzinobva kuMweya pane kunge dziri dzinobva kuzvido zvenyu. Apo femero padzinge dzichiyana nezvinenge zvataurwa neMuponesi nevaporofta nevaapositora Vake vapenyu, munozokwanisa kusarudza kuteerera nechivimbo. Zvino Ishe vanozotuma Mweya Wavo kukutaririrai.

Somuenzaniso, kana mukatambira femero yemweya kukudza zuva reSabata, kunyanya apo pazvinotaridzika sezvakaoma, Mwari Vanozotuma Mweya Wavo kubatsira.

Rubatsiro irworwo rwakauya kuna baba vangu makore mazhinji akapfura apo basa ravo rakavatora kuenda kuAustralia. Vakanga vari vega musi weSvondo, uye vaida kutora sakaramende. Havana kuwana ruzivo pamusoro pemisangano yeVatendi

vaMazuva Ekupedzisira. Saka vakatanga kufamba netsoka. Vakanamata pamharadzaano yenzira yoga yoga kuti vazive kuti voenda nenzira ripi. Mushure mokufamba nokutsauka kwenguva inoita awa, vakamira vakanamata zvakare. Vakanzwa femero yokuti vatsauke vadzike nemumwe mugwagwa. Nenguva pfupi vakatanga kunzwa kuimba kuchibva pazasi pechivako chedzimba dzakaturikidzana chaiva pedyo. Vakatarisa mukati nepafaftira uye vakaona vanhu vashoma vakanga vakagara pedyo netafura yakafukidzwa nemucheka muchena nematireyi esakaramende.

Zvino, izvo hazvingaratidziki sechinhu chikuru kwamuri, asi chaiva chinhu chinoshamisa kwavari. Vakaziva kuti vimbiso yemunamato wesakaramende yakanga yazadzikiswa: “Nokumurangirira nguva dzose nokuchengeta mirairo yake iyo yaakavapa; kuti vave neMweya wake nguva dzose” (D&Z 20:77)

Uyu waiva muenzaniso mumwechete wenguva yavakanamata uye vakaita izvo Mweya zvakawanga wavaudza kuti Mwari vaida kuti vaite. Vakaramba vachinamata nokuita izvo mweya zvawaivakurudzira kuti vaite kwemakore ose, sezvatichaita iminini. Vakanga vasingambotauri pamusoro pezvomweya zvavo. Vaingoramba vachiitira Ishe zvinhu zvidiki izvo zvavaikurudzirwa kuita.

Apo pese rimwe boka reVatendi vaMazuva Ekupedzisira paraivakumbira kuti vataure kwari, vaizviita. Zvakanga zvisina mhaka kana kwaiva kutaura kuvanhu gumi kana makumi mashanu kana kuti vakanga vakaneta sei. Vaipupura uchapupu hwavo hwaBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene uye hwevaporofta apo pose Mweya pawavakurudzira kuti vazviite.

Kudaidzwa kwavo kwakakwiririsa muChechi kwaiva kwekudare repamusoro reSiteki yeBonnevill Utah, umo mavaisakura papurazi resiteki, uye mavaidzidzisa kirasi yeChikoro cheSvondo. Nemumakore, apo pavaiuda, Mweya Mutsvene waivapo semufambidzani wavo.

Ndakamira parutivi rwababa vangu mumupanda wemuchipatara. Amai vangu, mudzimai wavo wemakore makumi nama nerimwe, vakanga vakarara pamubhedha. Takanga takavatarisa kwemaawa akawanda. Takatanga kuona kutaridzika kwe-marwadzo kuchibva pachiso chavo. Minwe yemaoko avo, iyo yakanga yakapfundwa kuita zvi bhakira, yakasununguka. Maoko avo akatandavara pamativi avo.

Marwadzo emakumi emakore echirwere chegomarara akanga avakuguma. Ndakaona pachiso chavo kutaridzika kwerunyararo. Vakatura mafemo madiki mashoma, zvino vakafemera mudenga kamwechete, uye ndokurara vasingazungunuki. Takamira ipapo takamirira kuti tione kana vaizotura mamwe mafemo.

Pokupedzisira, Baba vakati zvinoro nyoro, “Chimusikana chidiki chaenda kumusha.”

Havana kuchema misodzi. Nokuda kwekuti Mweya Mutsvene wakanga wavapa nechekare nzwisiso yakajeka yekuti vaiva ani, vakanga vabvepi, munhu wavakanga vava, uye kwavaienda. Mweya wakanga wapupura kwavari nguva dzakawanda nezva Baba Vokudenga vanerudo, nezve Muponesi akanga akunda rufu, uye nezve huchokwadi hwekusungandzwa kwemutemberi kumudzimai nemhuri yavo kwavakanga vaitwa.

Mweya nechekare wakanga wavavimbisa kuti runako rwemwoyo nerutendo rwemudzimai wavo rwakanga rwavakodzera kuti vadzokere kumusha wekudenga uko kwavaizoyeukwa semwana anoshamisa wechivimbo uye votambirwa kumusha nerukudzo.

Kuna baba vangu, ichi chaiva chinhu chikuru kupfuura tariro. Mweya Mutsvene wakanga wazviita kuti zvive chokwadi kwavari.

Zvino, vamwe vangangoti manzwi avo nemifananidzo yaiva mupfungwa dzavo pamusoro pekumusha kwekudenga kwaingova kufungidzira kwenzvavaida, mafungiro akavhiringika emurume panguva yekushayikirwa

kwake. Asi vaiziva chokwadi chokusingaperi nenzira imwechete inokwanisa kuchiziva.

Vakanga vari nyanzvi yezve saenzi iyo yakanga yatsvaka chokwadi pamusoro penyika yenyama nemuhupenyu hwehukuru hwavo hwese. Vakashandisa ruzivo rwesaenzi zvakanaka zvakanakwana zvekukudzwa nedzimwe nyanzvi dzesaenzi dzepanyika pose. Zvizhinji zvavaiita mukemesitiri zvaibva mukuona mupfungwa dzavo mamolecules achifamba famba uye zvino vozosimbisa chiratidzo ichocho neku-zviedza (experiments) muraboritari (laboratory).

Asi vakanga vatevera nzira yakasiyana neiyi kuti vawane zvokwadi zvaiva zvakananyanya kukosha kwavari uye kune mumwe nemumwe wedu. Chete kuburikidza neMweya Mutsvene ndipo patinokwanisa kuona vanhu nezvinhu zvinoitika samaonere azvinoitwa naMwari.

Chipa ichocho chakaramba chichienyerera muchipatara mushure mekufa kwemudzimai wavo. Takaunganidza zvinhu zvaamai vangu kuti tiende nazvo kumba. Baba vaimira kuti vatende nesi nachiremba woga woga wataisangana naye munzira yekubuda kuenda kumotokari. Ndinoyeuka kuti ndakanzwa nekakushaya mwoyo murefu, kuti taifanira kubvapo kuti tive toga nekuchema kwedu.

Ndavakuziva iyezvino kuti vaiona zvinhu izvo zvaikwanisika kunge zvaitaridzwa kwavari neMweya Mutsvene chete. Vakaona vanhu ivavo sengirozi dzakatumwa naMwari kutaririra mudikanwi wapamoyo wayo. Vangange vakazviona sevashandi vezvekurapa, asi Baba vaivatenda nerubatsiro rwavo vakamirira Muponesi.

Femero yeMweya Mutsvene yakaramba iinavo apo patakasvika pamba pavabereki vangu. Takataura kwemaminetsi mashoma mumupanda wekutandarira. Baba vakabuda vachiti vaienda kumupanda wavo wekurarira waiva pedyo.

Mushure memanitsi mashoma, vakadzoka mumupanda wekutandarira.

Vakanga vachinyemwerera zvaifadza. Vakafamba kuuya kwatiri uye zvinoro nyoro vakati, “Ndanga ndichinetseka kuti Mildred anga achazosvika kunyika yemweya oga. Ndafunga kuti angangorasika mumhomho.”

Zvino nerufaro vakati, “Ndanamata iyezvino zvino. Ndinoziva kuti Mildred afamba zvakanaka. Amai vangu vanga varipo kumutambira.”

Ndinorangarira ndichinyemwerera apo pavaitaura izvi, ndichiona mupfungwa dzangu mbuya vangu, makumbo avo mapfupi achimhanya, nekukurumidza nemumhomho kuti vaite chokwadi kuti vakanga varipo kusangana nekugumbatira muroora wavo apo paaisvika.

Zvino, chimwe chechikonzero icho baba vangu chavakakumbira vakatambira nyaradzo iyoyo chaiva chokuti nguva dzose vainamata murutendo kubvira pavaiva mwana mudiki. Vakanga vajaira kutambira mhinduro dzaiuya kumwoyo wavo kuvapa nyaradzo nerairo. Pamusoro pokuva netsika yokunamata, vaiziva magwaro matsvene uye manzwi evaporofita vapenyu. Saka vakaziva kuzevezera kwavaigaronzwa kweMweya, uko kwamungangove manzwa nhasi.

Ufambidzani hweMweya hwakanga hwavanyaradza nokuvatungamira zvikuru. Hwakavashandura kuburikidza neRudzikinuro rwaJesu Kristu. Apo patinotambira vimbiso iyo yokuva neMweya uinesu nguva dzose, Muponesi unokwanisa kutipa kutsveneswa kunodikanwa kuitira upenyu hwekusingaperi, chikurusisa chezvipo zvose zvaMwari (ona D&Z 14:7)

Munorangarira manzwi eMuponesi: “Zvino uyu ndiwo murairo: Tendeukai, imi mativi ose enyika, muuye kwandiri mugobhabhatidzwa muzita rangu, kuti mugoitwa kuti mutsveneswe nokutambira Mweya Mutsvene, kuti mugomira musina kavara pamberi pangu nezva rokupezdisira” (3 Nifai 27:20).

Mirairo iyoyo yakauya nevimbiso iyi kubva kuna Ishe:

Uye zvino, zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, isa ruvimbo rwako muMweya uyo unotungamirira mukuita zvakanaka---hongu, kuita zvakarurama, kufamba wakazvininipisa, kutonga zvakarurama; uye uyu ndiwo Mweya wangu.

Zvirokwazvo, Zvirokwazvo, ndinoti kwauri, ndichapa kwauri Mweya wangu, uyo uchajekesa pfungwa dzako, izvo zvichazadza mweya wako mufaro: (D&Z 11:12-13).

Ndinopupura kwamuri uchapupu hwangu kuti Mwari Baba vanorarama, kuti Jesu Kristu akamutswa kuvakafa

anotungamirira Chechi yake, kuti Mutungamiri Thomas S. Monson vane makiyi ese ehupirisita, uye kuti zvakazarurwa kuburikidza neMweya Mutsvene zvinotungamira nokutsigira Chechi yaJesu Kristu yaVatendi va-Mazuva Ekupedzisira uye nenhengo dzayo dzinozvininipisa.

Ndinopupura zvakare kwamuri kuti ava varume vanoshamisa vanga vachitaura kwatiri sezvapupu zvaIshe Jesu Kristu, senhengo dzeChikwata chaVaapositora vane Gumi nevaviri, vakadaidzwa naMwari. Ndinoziva kuti Mweya wakatungamirira Mutungamiri

Monson kuvadaidza. Uye apo munoteerera kwavari uye neuchapupu hwavo, Mweya Mutsvene unosimbisa kwamuri zvandava kutaura iyezvino kwamuri. Vanodaidzwa naMwari. Ndinovatsigira uye ndinovada uye ndinoziva kuti Ishe Vanovada uye Vachavatsigira mukushanda kwavo. Ndinozviita nemuzita raIshe Jesu Kristu, ameni.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. *Bhuku reMirairo reChipiri Kutungamirira Chechi* (2010), 20.3.10.
2. Ona George Q. Cannon, mu "Minutes of a Conference," *Millennial Star*, Chivabvu 2, 1863, 275-76.